


# 5-KLASLARDA MUZIKADA VOKAL-SIMFONIYALÍQ JANRÍN INTERAKTIV METODTAN PAYDALANÍP OQÍTÍW

**Bekbaulieva Feruza Majit qızı**
Ájiniyaz atındağı NMPI studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.15730792

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 15-Iyun 2025 yil
Ma'qullandi: 20-Iyun 2025 yil
Nashr qilindi: 24-Iyun 2025 yil

**KEY WORDS**

*Interaktiv metod túsinigi. "Interaktiv" sózi latın tilindegi "inter" - óz-ara, "actio" - háreket qılıw sózlerinen kelip shıqqan bolıp, "óz-ara tásir", "aktiv baylanıs" degen mánisti ańlatadı*

**ABSTRACT**

*Zamanagóy tálim sistemasında oqıwshılardıń ǵárezsiz pikirlewin rawajlandırıw, olardı belsendilikke úyretiw hám tálim procesin nátiyjeli shólkemlestiriw úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Sol tárepten ınteraktiv metodlar - yaǵnıy, oqıwshı hám oqıtıwshı arasındaǵı óz-ara aktiv baylanısqa tiykarlanǵan sabaq metodları tálimde zárúrli orın tutadı. Bul maqalada ınteraktiv metodtıń teoriyalıq tiykarları, abzallıqları hám de onı qóllanıwda itibar beriliwi kerek bolǵan tárepleri haqqında sóz júritiledi*

Zamanagóy tálim sistemasında oqıwshılardıń ǵárezsiz pikirlewin rawajlandırıw, olardı belsendilikke úyretiw hám tálim procesin nátiyjeli shólkemlestiriw úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Sol tárepten ınteraktiv metodlar - yaǵnıy, oqıwshı hám oqıtıwshı arasındaǵı óz-ara aktiv baylanısqa tiykarlanǵan sabaq metodları tálimde zárúrli orın tutadı. Bul maqalada ınteraktiv metodtıń teoriyalıq tiykarları, abzallıqları hám de onı qóllanıwda itibar beriliwi kerek bolǵan tárepleri haqqında sóz júritiledi.

Interaktiv metod túsinigi. "Interaktiv" sózi latın tilindegi "inter" - óz-ara, "actio" - háreket qılıw sózlerinen kelip shıqqan bolıp, "óz-ara tásir", "aktiv baylanıs" degen mánisti ańlatadı. Pedagogikada bul termin oqıtıwshı menen oqıwshı, oqıwshılar óz-ara aktiv baylanısta bolıp, birgelikte bilim alıw processinde qatnasıwın ańlatadı.

Hámmemizge belgili kórkem ónerdiń bir túri bolǵan muzikada janrlardıń kóplegen túrleri bar. Bulardı mektep jasındaǵı balalarǵa qızıqlı hám mazmunlı etip oqıtıw, pedagogtan úlken sheberlikti talap etedi. Vokal muzika - aytıw ushın arnalǵan muzika. Vokal muzikaǵa jeke, ansambl hám de xor tárizinde, sonday-aq, muzika ásbapları menen birge yaki ulıwma joldaslıqsız (máselen, úlken qosıq, akapella xorları sıyaqlı) atqarılatuǵın shıǵarmalar kiretuǵınlıǵın mektep jasındaǵı balalarǵa eń aldı menen túsindirip beremiz. Ádebiyatlarda da, vokalǵa usılayınsha anıqlama beriledi. Al, simfoniya - (áyyemgi grekshe: συμφωνία - "ohangdoshlik") - simfoniyalıq muzikanıń jetekshi janrı, kompozitorlıq bagdarındaǵı saz muzikasının joqarı forması. Simfoniyalıq orkestr atqarıwına mólsherlengen; ayırım simfoniyalarda xor hám jeke atqarıwshılar da tartıladı. Bunnan basqa, tarlı orkestr, úpleme sazları orkestrı hám basqa orkestrlerge mólsherlengen Simfoniyalar da ushırasadı.

INNOVATIVE ACADEMY

Simfoniyanıń klassikalǵı forması ulıwma ideya hám bir pútin dramaturgiyaǵa tiykarlanǵan 4 bólimli dúrkindi quraydı:

1-bólimi - temalardıń qarama-qarsılıǵı hám de tez rawajlanıwı menen baylanıslı boladı;

2-bólimi - lirikalıq sheginiw wazıypasın atqaradı;

3-bólimi - menuet yaki skerso xarakterinde jazıladı;

4-bólimi - kóbinese saltanatlı, yoshli juwmaq bolıp tabıladı.

Mine joqardaǵı simfoniya túrlerin oqıwshılarǵa klaster arqalı úyretken maqul. Úlgi:




XXI asirde tálim procesiniń túpten ózgeriwi, jańasha metod hám jantasıwlardıń engiziliwi zamanagóy oqıtıwshıdan tek bilim beriwshi ǵana emes, bálkim oqıwshılardıń pikirlewin rawajlandırıwshı, olardı belsendi qatnasıwshı retinde qáliplestiriwshi bolıwdı da talap etip atır. Sol tárepten ınteraktiv metodlar - yaǵnıy óz-ara baylanıs hám sheriklik tiykarında shólkemlestiriletuǵın oqıw iskerligi - tálimde zárúrli orın tutadı. Ínteraktiv jantasıwda oqıwshı passiv tıńlawshıdan aktiv qatnasıwshıǵa aylanadı. Bul maqalada ınteraktiv metodlar mazmunı, túrleri, olardıń oqıw processindegi roli hám de ámeliyatta qollanılıwı analiz etiledi.

Klaster metodı - pedagogikalıq, didaktikalıq strategiyanıń belgili bir forması bolıp, ol bilimlendiriw pidayılarına qálegen mashqala (tema) boyınsha erkin, ashıq pikirlew hám pikirlerdi erkin bayan etiw ushın sharayat jaratıwǵa járdem beredi. Bul metod túrli ideyalar arasındaǵı baylanıslar pikirlew imkaniyatın beriwshi strukturanı anıqlawdı talap etedi. Klaster metodı anıq obyektke baǵdarlanbaǵan pikirlew forması esaplanadı. Onnan paydalanıw insan miyi iskerliginiń islew principi menen baylanıslı halda ámelge asadı. Bul

metod belgili temanıń bilim alıwshılar tárepinen tereń hám puqta ózlestirilgenge shekem pikirlew iskerliginiń bir bapta bolıwın támiyinlewge xızmet etedi.

Metodikalıq miynetlerde klaster metodınıń nátiyjeliligin tómendegishe kórsetedi. Bul texnikanıń mánisi belgili bir mashqala boyınsha bar bilimlerdi sistemalastırıwǵa urınıw bolıp tabıladı. Awdarmada klaster sózi topar, juldız toparı mánisin bildiredi. Klaster oqıwshılarǵa tema boyınsha erkin hám ashıq pikir júrgiziw imkaniyatın beredi, [1.50]- dep kórsetiledi.

Juwmaq. Interaktiv metodlar tálim procesin janlandıradı, oqıwshılardıń bilimdi bekkem iyelewlerine járdem beredi. Bul metodlar arqalı oqıwshı tekǵana tayın bilimdi aladı, bálki onı talıqlaydı, sın kózqarastan bahalaydı hám real turmısta qóllanıw múmkinshiligin úyrenedi. Zamanagóy pedagogikada ınteraktiv metodlar bólek orın tutadı. Sol sebepten oqıtıwshılar ınteraktiv metodlardı tereń úyrenip,ámeliyatta qollana alıwı tálim sapasınıń asıwına xızmet etedi. Jaqsı islengen ınteraktiv sabaq - bul tekǵana bilim emes, bálki turmıslıq kónlikpelerdi qáliplestiriw quralı bolıp tabıladı. Sabaq nátiyjeliligin arttırıwda innovaciyalıq usıllardan paydalanıw, oqıtıwshılardıń sheberligin arttırıw, bárinen burın, olardıń arnawlı kásiplik potencialına baylanıslı. Innovaciyalıq usıllardan paydalanıw oqıtılatuǵın pánlerdiń saatın esapqa alǵan halda olardıń bilimin arttırıw mashqalasın da hár qıylı jollar menen sheshiw zárúr. Biraq, klaster metodi sheberligi sonday universal komponentlerdi óz ishine aladı, bul komponentlerden hár túrli oqiw pánleri pedagogları paydalana aladı hám bul bagdarda olar tez waqitta jaqsı nátiyjege erisiwi múmkin. Potencial anıq pán baǵdarında anıq jumıstı nátiyjeli orınlaw ushın zárúr bolǵan ózine tán ózgeshelikti bildiredi. Potencial túsinigi óz ishine arnawlı bilimler, ózine tán kónlikpeler, pikirlew usılların hám óz háreketlerine juwapkershilikti túsiniwdi qamtıp aladı. Jáne sol da belgili, oqıtıwshılar ótkerilip atırǵan sabaqlardan, óziniń islep atırǵan jumısınan qanaatlanıwı da júdá úlken áhmietke ie.

## Adabiyotlar:

1. Umarova G. Klaster tanqidiy fikrlash texnologiyasi texnikasi sifatida // Central asian journal of multidisciplinary research and management studies. Toshkent, -2024 y.
2. Nadirova A. Qaraqalpaq muzıka tariyxı. Tashkent: Sano-standart, 2018. – 384 b.
3. Jabborov A., Begmatov S., Azamova M.. O'zbek musiqasi tarixi. —Toshkent: Fan va texnologiya, 2018. – 384 b.

INNOVATIVE ACADEMY